

Sit Wèb Itil:

Pwoteksyon Medikal pou Timoun ki poko gen 19 ane:

Florida KidCare www.Floridakidcare.org or
Florida Healthy Kids www.healthykids.org

Sit wèb sa yo ofri enfòmasyon sou divès kalite pwogram pou preskripsyon gratis oswa pou pri ba pou sèten medikaman.

www.benefitscheckup.org

www.medicare.gov

www.phrma.org

www.pparx.org/Intro.php

www.needymeds.com

www.rxassist.org

www.themedicineprogram.com

www.aarp.org/fl

www.healthcouncils.org

www.togetherrxaccess.com

www.nacds.org

Èd nan Telefòn: 1-800-963-5337



Ajans pou Biwo ki nan Zòn Administrasyon Medikal:

Zòn 1 -Escambia, Santa Rosa - (850) 595-5700
estansyon 263 Okaloosa, Walton - (800) 303-2422
estansyon 263

Zòn 2A -Bay, Gulf, Franklin, Holmes, Jackson,
Washington - (850) 872-7690

Zòn 2B -Calhoun,Liberty,Madison,Taylor - (800) 248-
2243 Leon, Gadsden, Jefferson,Wakulla - (850) 487-2272

Zòn 3A -Alachua, Bradford, Columbia, Dixie, Gilchrist,
Hamilton, Lafayette, Levy, Putnam, Suwannee, Union-
(386) 418-5350

Zòn 3B -Citrus, Hernando, Lake, Marion, Sumter - (352)
732-1349

Zòn 4 -Baker, Clay, Duval, Flagler, Nassau, St. Johns ak
Volusia - (800) 273-5880

Zòn 5 -Pasco and Pinellas - (800) 299-4844, ext. 276

Zòn 6 -Hardee, Highlands, Hillsborough, Manatee, ak
Polk- (800) 226-2316

Zòn 7 -Orange, Osceola, and Seminole - (407) 317-7851,
Peze Chwa 1; Brevard – (877) 254-1055 Peze Chwa 1


Zòn 8 -Lee, Collier - (239) 338-2620 Charlotte, DeSoto,
Glades, Hendry, ak Sarasota - (800) 226-6735

Zòn 9 -Indian River, Martin, Okeechobee, Palm Beach,
ak St. Lucie - (800) 226-5082

Zòn 10 -Broward - (954) 202-3200

Zòn 11 -Dade and Monroe - (305) 499-2000

Pwogram Pou Moun ki gen Bezwen Medikal



Yon Eksplikasyon "Pataj Depans"

Kisa Pwogram pou moun ki gen bezwen medikal ye?

Pwogram pou moun ki gen bezwen medikal ka ede moun peye pou sèvis ki gen garanti nan Medicaid. Moun ki anwole nan Pwogram pou moun ki gen bezwen medikal gen revni oswa byen ki depase limit pou Medicaid regilye. Dwe gen yon sèten kantite bòdwo medikal chak mwa anvan pou yo apwouve w pou resevwa Medicaid. Sa a se “patisipasyon depans ou.”

Kisa “Patisipasyon Depans” ye?

“Patisipasyon depans” ou se kantite lajan bòdwo medikal ou dwe genyen anvan pou Medicaid ka peye nenpòt lòt bòdwo depans medikal pou ou. “Patisipasyon depans” fonksyone tankou yon franchiz sou kontra asirans maladi. “Patisipasyon Depans” ou baze sou revni fanmi ou resevwa chak mwa. “Patisipasyon depans” ou ka “estime” selon revni fanmi ou deklare li resevwa chak mwa. Ou dwe fè depans medikal ki egal ak kantite “patisipasyon depans” ou chak mwa anvan ou ka vin elijib pou Medicaid pou rès jou nan mwa a.

Kouman Li Fonksyone?

Chak mwa, sèten depans medikal ki rele “depans medikal admisib” ou dwe oswa ou te fè pandan mwa a konte nan “patisipasyon depans ou”. Lè depans medikal admisib ou egal ak “patisipasyon depans” ou, ou ka elijib pou Medicaid pou rès jou nan mwa a. Si “patisipasyon depans” ou te estime, revni fanmi ou dwe verifye anvan pou Medicaid ka peye nenpòt bòdwo.

Anvan w itilize nenpòt sèvis medikal, ou dwe asire founisè sèvis medikal la vle aksepte Medicaid kòm peman.

Egzanp ki annapre a montre fason “patisipasyon depans” fonksyone. Si “patisipasyon depans” ou se \$800 epi ou ale lopital jou ki 10 me epi ou resevwa yon bòdwo pou \$1000, ou satisfè kondisyon “patisipasyon depans” epi ou elijib pou resevwa pwoteksyon Medicaid ant 10 me ak 31 me. Si bòdwo ou resevwa 10 me a se pou yon sèvis ki garanti nan Medicaid epi ki resevwa nan yon founisè Medicaid, Medicaid ap peye bòdwo a. Sa a se sèlman yon egzanp.

Kisa Depans Admisib ye?

Depans medikal admisib se bòdwo ki:

- Pa peye, ki toujou dwe epi ki pa t itilize nan yon mwa anvan pou satisfè kondisyon “patisipasyon depans”.
- Peye pandan mwa ou ye a.
- Ki pa t peye pou ou oswa asirans maladi ou, yon lòt moun oswa nenpòt sous pa p peye.

Gen de (2) kalite depans medikal admisib:

- Depans pou asirans maladi ak
- Depans pou sèvis medikal.

Depans asirans maladi a gen ladan:

- Prim Medicare.
- Lòt prim asirans maladi, avèk HMO tou epi prim plan ki peye davans.
- Peman ko-asirans.

Depans pou sèvis medikal yo gen ladan:

- Medikaman ak ekipman medikal yon doktè preskri.
- Transpò nan anbilans, otobis oswa taksi pou al pran swen medikal.

Ki Depans Medikal ki Pa Ka Itilize pou Satisfè Kondisyon “Patisipasyon Depans”?

- Prim pou kontra asirans ki peye w lajan lè w entènè lopital oswa lè peman ou pa prevwa pou peye pou depans medikal yo.
- Atik pou premye sekou ak medikaman pou amwa famasi, tankou pansman adezif, alkòl, medikaman pou larim.

Kisa Mwen Dwe Fè?

Ou dwe bay prèv nan yon biwo ACCESS Florida pou depans medikal ou fè. Ou menm ak founisè Medicaid ou ka fè sa nan faks, kourye, oswa an pèsòn.

Tanpri ajoute:

- kantite lajan depans lan;
- dat ou te fè depans lan; epi
- dat ak kantite lajan pou nenpòt peman ou fè pou depans lan.

Gen plizyè kalite prèv ou ka bay, tankou:


- bòdwo medikal ou resevwa,
- resi pou bòdwo medikal ou peye yo epi
- chèk ki anile pou bòdwo medikal ou peye yo.

Kisa M ap Resevwa Avèk Medicaid?

Medicaid pwoteje anpil kalite sèvis medikal, avèk tou ospitalizasyon, vizit nan klinik doktè, medikaman sou preskripsyon ak transpò pou al pran swen medikal, founisè Medicaid ki anwole yo founi. Gen limit ak eskizyon sou kèk sèvis sa yo ki pwoteje.

Ajans pou Administrasyon Medikal *Agency for Health Care Administration* (AHCA) ka ba ou plis enfòmasyon sou sèvis Medicaid garanti yo ak founisè ki anwole pou sèvis sa yo.

Kontakte Biwo Zòn AHCA lokal ou pou konte ki nan lis padèyè kouvèti a oswa ale nan sit wèb nou nan www.fdhc.state.fl.us.



Esi mwen gen kesyon sou “Patisipasyon Depans” Mwen?

Si w gen kesyon sou fason “patisipasyon depans” lan fonksyone, sou ki depans ki konte, oswa sou ki prèv ou dwe bay, kontakte Department of Children and Families (Depatman Timoun ak Fanmi) nan nimewo: 1-866-76-ACCESS oswa 1-866-762-2237, 1-800-955-8771 (TTY).

N ap konsidere elijiblite ou pou resevwa èd kèlkeswa ras ou, koulè ou, sèks ou, laj ou, enfimite ou, relijyon ou, peyi kote w fèt, konviksyon politik ou oswa sityasyon fanmi ou.